**दिन–मंगलवार** **दिनांक–15.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय अंतरिक्ष यात्री शुभांशु शुक्ला एक्सियोम–फोर मिशनक तीन आनो आन यात्री सभक संग आइ पृथ्वी पर लौटि अयलाह। अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन सँ हुनक ई आपसी अठारह दिन बाद भेल अछि। ग्रुप कैप्टन शुक्ला अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशनक दौरा करयवाला पहिल भारतीय आओर उनैस सय चौरासी मे अंतरिक्ष मे गेल विंग कमांडर राकेश शर्माक बाद दोसर भारतीय अंतरिक्ष यात्री छथि।

---

राज्य सरकार अगिला पाँच बरख मे एक करोड़ नव नोकरी आओर रोजगारक अवसरि सृजित करबाक निर्णय कयलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे ई प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसारक बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे एहि लेल विकास आयुक्तक अध्यक्षता मे एक उच्च स्तरीय समिति बनाओल जायत। ई समिति रोजगारक नव अवसर लेल राज्य सरकार के जनाओत। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे राज्य मे भऽ रहल विशेष गहन मतदाता पुनरीक्षण अभियान मे लगाओल गेल बीएलओ आओर बीएलओ पर्यवेक्षक सभ के सलाना मानदेयक बाद छओ हजार टाका देल जयबाक प्रस्ताव के मंत्रिमंडल स्वीकृति देलक अछि। संगहि, कैबिनेट पश्चिमी कोसी नहरक विस्तारीकरण, पुनर्स्थापन आओर आधुनिकीकरण लेल आठ हजार छओ सय अठहत्तरि करोड़ टाकाक योजनाक स्वीकृति देलक अछि। एक आन निर्णय मे कैबिनेट पटना रेल प्रोजेक्टक प्रायोरिटी कॉरिडोरक रख–रखावक जिम्मा दिल्ली मेट्रो के सौंपलक अछि।

---

प्रदेश मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान मे अखन धरि छओ करोड़ साठि लाख सँ बेसी मतदाता सभक गणना प्रपत्र जमा भेल अछि। निर्वाचन आयोगक अनुसार

आब मात्र एगारह दशमलव आठ दू प्रतिशत गणना फॉर्म जमा करब बचल अछि। मतदाता सूचीक अट्ठासी प्रतिशत सँ बेसी सत्यापनक काज पूरा भऽ गेल अछि। आब गणना फॉर्म जमा करय लेल दस दिन बचल अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ समस्तीपुरक मूसापुर मे आयोजित कार्यक्रम सँ पाँच सय बाईस करोड़ टाका सँ बेसिक लागतिवला कतेको योजनाक शिलान्यास कयलनि। ई योजना सभक घोषणा मुख्यमंत्री अपन प्रगति यात्राक बीच कयने छलाह। श्री कुमार तीन सय बाईस करोड़ टाकाक लागति सँ बलान आओर जमुआरी नदीक गादि उड़ाही आओर छियानवे करोड़ टाकाक लागति सँ रोसड़ा–शिवाजीनगर पथक चौड़ीकरण काजक शिलान्यास कयलनि। ओ शिवाजीनगर प्रखंडक शंकर घाट पर बासठि करोड़ टाकाक लागतिवला उच्च स्तरीय आरसीसी पुलक निर्माण काजक सेहो आधारशिला राखलनि। संगहि मुख्यमंत्री समस्तीपुरक सरायरंजन मे मेडिकल कॉलेज लेल बाइपास बनेबाक काज सेहो शुरू कयलनि। एहि बीच उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आओर जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो छलाह।

———————————————————————————

बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ आइ दिल्ली मे कांग्रेसक एक बैसक भेल। बैसार मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे आओर वरिष्ठ नेता राहुल गांधी सेहो छलाह। बिहार प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश राम आओर पार्टीक बिहार प्रभारी कृष्णा अल्लावरू सहित बिहार कांग्रेसक कतेको पैघ–पैघ नेता सभ ई बैसार मे छलाह। निर्दलीय सांसद पप्पू यादव सेहो छलाह। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे बैसार मे विशेष गहन पुनरीक्षणक खिलाफ अभियान चलेबाक लेल जनाओल गेल। संगहि विधानसभा चुनाव सँ जुड़ल कतेको मुद्दा पर गपशप कयल गेल। बैसारक बाद निर्दलीय सांसद पप्पू यादव जनौलनि जे महागठबंधन मजगूत स्थिति मे अछि। ओ जनौलनि जे कांग्रेस अपन विचारधारा सँ समझौता नहि करैत अछि।

———————————————————————————

राजस्व आओर भूमि सूधार विभाग जमीनक दाखिल–खारिज काज के सुगम बनेबाक लेल **इंटीग्रेटेड लैंड रिकॉर्ड मैनेजमेंट** सिस्टम शुरू कयलक अछि। विभागीय मंत्री संजय सरावगी जनौलनि जे एहि सँ दाखिल–खारिजक काज पारदर्शिताक संग आसानी सँ होयत।

————————————————————————

आइ मौना पंचमी यानी नाग पंचमी अछि। आजुक दिन लोक सभ अपन परिवारक मंगल कामना लेल विषहरिक पूजा–अर्चना करैत छथि। एम्हर, मिथिलाक प्रसिद्ध पावनि मधुश्रावणी आइ सँ शुरू भऽ गेल। पन्द्रह दिन धरि चलयवला ई पावनि मे नव विवाहिता सभ नित्य, सायंकाल सजि–धजि कऽ फूल लोढ़ैत छथि आ अपन सखि–बहिनपाक संग गीत गबैत घर धरि अबैत छथि आओर अगिला भोर आहि फूल सँ नाग–नागिन, गौरी शंकर आओर मैना विषहरिक पूजा अर्चना विधि–विधान सँ करैत छथि। सुहागक रक्षा लेल ई पावनि के नव विवाहिता सभ बड़ नियम निष्ठा आ विधान सँ करैत छथि।

————————————————————————

प्रदेश मे मानसूनक सक्रियता सँ बरखा भऽ रहल अछि। आई, किशनगंज, अररिया, सूपौल, सहरसा, मधेपुरा, कटिहार, कैमूर, रोहतास, बक्सर, औरंगाबाद, शेखपुरा, गया, नवादा आओर जमुई जिला मे किछु ठाम झमाझम बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे काल्हि कैमूर आ रोहतास जिला मे किछु ठाम भारी बरखा भऽ सकैत अछि। एहि के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–पश्चिम आओर दक्षिण–मध्य क्षेत्र मे सेहो तेज हवाक संग बरखा भऽ सकैत अछि।

————————————————————————

समाप्त भेल।